

Kesyon yo poze souvan sou vaksen yo(FAQ)

Kesyon yo Poze pi Souvan yo

Ki kalandriye vaksen ekip swen mwen an rekòmande?

Jeneral Brigham nan [Massachusetts pral swiv konsèy Depatman Sante Piblik](#) Massachusetts (MA DPH) ak Depatman Sante ak Sèvis Sosyal [New Hampshire](#) (NHDHHS) sou vaksen an. Rekòmandasyon sa yo ann akò avèk kalandriye vaksinasyon [Akademi Ameriken pou Pedyatri](#) (AAP) la.

Yo etidye vaksen ki sou kalandriye AAP la avèk anpil atansyon pandan plizyè ane. Yo sipòte pa prèv syantifik solid. Pa gen okenn nouvo rechèch ki montre ke vaksen sa yo pa an sekirite oswa yo pa mache. Kidonk, nou kwè kalandriye vaksen sa a pi an sekirite epi li bay pi bon pwoteksyon kont maladi a lè timoun yo pi bezwen li epi sistèm iminitè yo reponn pi byen.

Ki diferans ki genyen ant orè APP a ak orè CDC a?

Akademi Ameriken pou Pedyatri (AAP) rekòmande 18 vaksen pou tout timoun. Nan mwa Janvyè 2026, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) yo te redwi kantite vaksen rekòmande pou tout timoun soti nan 18 pou rive nan 11. 7 lòt yo rete sou orè a men yo rekòmande apre diskisyon ak yon pwofesyonèl swen sante oubyen pou sèten gwoup timoun.

Poukisa yo te chanje l?

Jistifikasyon yo te gen rapò ak ogmantasyon fleksibilite ak pataje desizyon pou fanmi yo. CDC a te aliyen rekòmandasyon yo tou ak lòt peyi ki gen gwo revni. Kalandriye vaksen yo diferan atravè lemond paske maladi yo pi komen nan kèk kote, gen kèk vaksen ki pa disponib tout kote, epi peyi yo konpare pri vaksen yo ak pri tretman maladi a.

Anjeneral, yon gwoup ekspè, Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon an, revize kalandriye vaksen an, epi answit American Academy of Pediatrics, American Academy of Family Physicians, ak American College of Obstetricians and Gynecologists apwouve li ansanm. *Yo pa t swiv pwosesis sa a pou chanjman sa a.*

Èske vaksen yo an sekirite?

Yo etidye vaksen yo pandan plizyè ane epi ekspè nasyonal yo rekòmande yo, tankou Akademi Ameriken pou Pedyatri, Akademi Ameriken pou Doktè Fanmi, ak Sosyete Maladi Enfektyez Amerik la.

Vaksen pou timoun ak adolesan yo sibi tèst apwobasyon pou asire sekirite yo epi yo kontinye ap sibi siveyans atansyon pandan plizyè milyon timoun ap resevwa yo. Vaksen yo pwoteje timoun yo kont maladi grav ki koze pa viris ak bakteri.

E konsènan vaksen ki nesesè pou lekòl?

Se leta a ki detèmine egzijans vaksinasyon lekòl yo.

Èske m ap gen pou peye pou nenpòt nan vaksen sa yo?

Apati 31 Desanm 2025, tout vaksen CDC yo rekòmande yo toujou kouvri nèt pa pifò plan asirans yo.